



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 5 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE SISTÈM SWIVI IJANS POU LOKALIZE MALAD PANDAN SITIYASYON IJANS AK EVAKYASYON

NYS e-FINDS Mete Anplas pou Sezon Siklòn 2013 la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York lanse yon sistèm swivi ijans nan tout eta pou garanti sekirite malad ak rezidan lè enstalasyon sèvis swen sante ak sosyal fòse evakye apre yon katastwòf natirèl.

New York State Evacuation of Facilities in Disasters System (NYS e-FINDS) se yon sistèm si, konfidansyèl, rapid epi fasil pou jwenn ki kote malad ye antan reyèl. Sistèm lan pral anplas pou sezon siklòn 2013 la, ak fòmasyon pou entèvenan apati lòt semèn.

“Nan ka yon ijans, li esansyèl pou manm fanmi, pèsonèl lopital ak sant swen enfimye ka jwenn rapidman moun pa yo ak malad nan ka evakyasyon,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwoteksyon sekirite popilasyon vilnerab se toujou pi gwo priorite nou, kidonk nouvo sistèm sa pral sèvi kòm yon resous endispansab nan sitiyaasyon ijans pou tout gwo enstalasyon sèvis swen sante ak sosyal enpòtan.”

Pandan Sipè Ouragan Sandy, plis pase 13.000 malad ak rezidan te evakye nan enstalasyon ki plase anba lwa Eta a ak anba jesyon Eta a, san bliye plis pase 7.100 nan lopital ak sant swen enfimye yo. Lè siklòn sa yo frappe, pa te gen okenn sistèm atravè eta a anplas pou swiv malad ak rezidan vilnerab ki te blije transfere nan kote altènatif akòz inondasyon, pann kouran ouben domaj nan enstalasyon.

NYS e-FINDS (<http://nysandyhelp.ny.gov/e-FINDS>) pral swiv malad yo nan enstalasyon lopital, sant swen enfimye pou granmoun ki plase anba sipèvizyon Depatman Sante; sant dakèy eta a ak anpil kay rezidansyèl ki plase anba sipèvizyon Office for People With Developmental Disabilities; pwogram tretman adomisil ki plase anba sipèvizyon Office of Alcoholism and Substance Abuse Services; enstalasyon sikyatrik eta a ak pwogram adomisil sètifye ki plase anba sipèvizyon Office of Mental Health; lojman tranzitwa ki plase anba sipèvizyon Office of Temporary and Disability Assistance, ak enstalasyon jistis pou minè ki plase anba jesyon Office of Children and Family Services.

Haitian Creole

Nan kad nouvo sistèm sa, tout enstalasyon pral itilize braslè ak kòdba pre-enprime ak non lokal la pou tout malad ak rezidan lokal yo, sòf pou enstalasyon tankou pwogram tretman dwòge kote konfidansyalite mande pou non lokal pa ekri. Yo kapab aktyalize epi swiv kote malad ak rezidan ye ak itilizasyon skanè pòtab, apps mobil, ouben swivi sou papye (si kouran ak/ouben telefòn pa mache).

Etablisman NYS e-FINDS swiv rekòmandasyon NYS Ready and Respond Commissions yo, epi te chita sou kolaborasyon etwat ak òganizasyon aleksteryè, san bliye Greater New York Hospital Association (GNYHA) la.

Kenneth E. Raske, Prezidan Greater New York Hospital Association, te di konsa: “Kominote lopital New York pote tout sipò li pou devlopman yon sistèm swivi malad ki pral amelyore pwosesis evakyasyon an epi asire manm fanmi ak ajans entèkansyon enpotan kapab swiv lokalizasyon malad pandan ijans. Nou aplodi Eta New York pou lidèchip li nan analiz entèkansyon rejyon an nan Sipè Ouragan Sandy epi idantifye fason pou amelyore evakyasyon, sekiriteabri sa yo ki anplas, epi abilite pou pwoteje popilasyon pi vilnerab nou yo.”

Daniel Sisto, Prezidan Healthcare Association of New York State, te di konsa: “Entèkansyon kominote entèvenan yo nan Sipè Ouragan te istorik nan anplè li epi te demontre ankò wòl san parèy sistèm swen sante nou yo te jwe, patikilyèman nan peryòd katastwòf. Malgre entèkansyon ankwayab sa, nou te aprann bagay ki ka amelyore e; epi, malerezman, nou te aprann ankò pral toujou genyen yon kriz potansyèl nou dwe toujou pare pou li. Kidonk nou aplodi Gouvènè a ak Depatman Sante a pou kreyasyon inisyativ sa ki pral ede entèveni alavni ak plis kowòdinasyon ak efikasite.”

Harvey Rosenthal, Direktè Egzekitif New York Association of Psychiatric Rehabilitation Services yo, te di konsa: “NYS e-Finds pral bay yon metòd elektwonik modèn pou ede asire Nouyòkè ki gen andikap konekte ak sèvis ak sipò vital ki spesyalman enpòtan nan moman dezaz. Entèkansyon entelijan akdjanm anpil sa kapab bannou gwo konfyans nan abiblite nou pou entèveni epi bay swen kontini pou manm kominote nou yo pandan ijans.”

Manm Komisyon Sante Eta a, Nirav R. Shah, M.D., M.P.H., te di konsa, “Malad ak rezidan nan enstalasyon sante yo se premye enkyetid nou lè yon katastwòf rive epi li enperatif pou nou kapab konenn kote yo ye egzakteman menm nan mitan kawo a lè malad ak rezidan nan enstalasyon sante yo bezwen relocalize akòz domaj ak pann kouran.. Gouvènè Cuomo te pran mezi desizif jou apre dezaz natirèl la pou amelyore preparasyon ak kapasite entèkansyon Eta a nan sitiyoasyon katastwòf, epi NYS e-FINDS se yon zouti enpòtan ki pral amelyore anpil sekirite malad lè yon sitiyoasyon ijans rive.”

Manm Komisyon New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, Jerome M. Hauer, te di konsa: “Ak enplemantasyon NYS e-FINDS, Gouvènè Cuomo te aplike yon mekanis esansyèlman enpòtan pou swiv malad pandan ijans, ki se yon lòt nivo preparasyon ki pral kontribiye nan sekirite popilasyon ki pi vilnerab pandan evenman tankou Sipè Ouragan Sandy.”

Kristin M. Woodlock, Manm Komisyon Enterimè New York State Office of Mental Health, te di konsa: “Office of Mental Health la angaje nan sekirite timoun ak granmoun ki resevwa tretman nan lopital nou yo. Pandan peryòd ijans swen nou yo pral amelyore atravè pwotokòl konfidansyèl sa yo ka fè konfyans.”

Kristin M. Proud, Man Komisyon Enterimè New York State Office of Temporary and Disability Assistance, te di konsa: “Nouvo sistèm sa pral ede asire sekirite popilasyon vilnerab ki blije ale nanabri aklòz yon evenman tankou Sipè Ouragan Sandy. Nou te temwen obstak ki genyen nan sèvi Nouyòkè nan sitiyaasyon ijans epi nou konfyans sistèm sa pral rezoud pwoblèm sa yo epi tou ede lòt manm fanmi rete enfòmè sou sitiyaasyon moun yo renmen.”

Courtney Burke, Manm Komisyon New York State Office for People With Developmental Disabilities, te di konsa: “Evenman tankou Sipè Ouragan Sandy te aprann nou pa gen okenn bagay ki janm twò prepare. OPWDD kontan fè pati inisyativ sa epi nou remèsye Gouvènè Cuomo dèske li te pran etap enpòtan sa pou pi byen garanti sante ak sekirite moun n ap sèvi yo.”

Gladys Carrión, Manm Komisyon New York State Office of Children and Family Services, te di konsa: “Pandan yon gwo move tan ak yon kriz enprevi, sistèm swivi malad ak rezidan pral ogmante anpil kapasite eta pou l entèvni epi satisfè bezwen moun n ap bay swen ouben ki plase anba gad nou. Aksè pou jwenn nan enfòmasyon medikal enpòtan pa yon liks, se yon nesosite epi OCFS pare pou enplemannte sistèm lan pou evenman fiti.”

Arlene González-Sánchez, Manm Komisyon New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services (OASAS), te di konsa: “Aprè Siklòn Sandy, OASAS ak patenè swen sante nou yo te rekonèt nou bezwen yon sistèm ki bay plis enfòmasyon sou malad ki deplase. Nouvo sistèm swivi malad ak rezidan pral pèmèt OASAS pi byen enfòmè sou kote malad yo ye, swen ak byennèt yo pandan peryòd ki vini apre yon katastwòf.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou NYS e-FINDS sou: <http://nysandyhelp.ny.gov/e-FINDS>

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418